


Èske ou te konnen?

- Fòse antre sou ray yo se youn nan pi gwo koz lanmò ki lye ak ray tren.
- Li ilegal pou yon moun fòse antre sou nenpòt enstalasyon ray tren, sa ka fè li peye amann oswa menm ale nan prizon.



BE 
RAIL
SMART



Si ou wè yon pano ki andomaje, yon siyal ki pa byen fonksyone oswa ou pa ka wè byen, rele nimewo ijans pou ray tren yo ki make sou Pano Notifikasyon Ijans koulè ble ki nan chak kote wout la pase sou ray yo.



Si ou wè yon machin anpàn oswa yon moun ap mache sou ray yo, rele nimewo ijans pou ray tren yo.

Politik Depatman Transpò Florida a se pa refize bay kèlkeswa moun nan avantaj yo oswa pa fè yo sibi diskriminasyon oswa reprezay nan kad nenpòt pwogram oswa aktivite Depatman an oswa moun ki anba kontwòl li yo ap sipèvize, sou baz ra, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap oswa kondisyon revni.

Ou Pa Poukont Ou
**RELE POU
JWENN ÈD**
(800) SUICIDE
(800) 784-2433

**PA FÒSE
ANTRE**
Depatman
Transpò Florida
FS 810 09(1)

BE RAIL SMART

Pèdi yon vi se deja twòp.

Wòl OU nan kesyon sekirite sou ray tren yo enpòtan pou kominote a.

Objektif nou se ogmante konsyantizasyon ak diminye kantite ensidan ki gen rapò ak tren.

ENFÒMASYON SOU RAY YO

- En kèk tren ki kapab kouri jiska 80 mph.
- Sa pran plis pase yon (1) mil pou kèk tren kanpe.
- Yon tren ki ap pwoche kapab pi pre epi kouri pi rapid pase jan li parèt.



KÈLKESWA JAN OU PANSE OU RAPID LA, TREN AN TOUJOU PI RAPID.

Kit ou ap mache, ou sou bisiklèt oswa ou ap kondui yon machin, men kèk bagay senp pou “FÈ” epi “PA FÈ” pou ENTELIJAN SOU RAY TREN.

FÈ

- ▶ Rete dèyè liy oswa baryè kanpe a pandan ou ap tann tren an pase.
- ▶ Tann baryè yo fin leve nèt anvan ou travèse.
- ▶ Gade adwat agoch pou asire w pa gen okenn tren ki ap vini.
- ▶ Itilize twotwa yo oswa lòt kote yo bay pou travèse yo.
- ▶ Obeyi tout siyal ak tout pano avètisman yo.
- ▶ Rele nimewo ki make sou Pano Notifikasyon Ijans koulè ble ki nan chak kote wout la pase sou ray yo pou ou siyale yon pwoblèm oswa yon ijans.

PA FÈ

- ▶ Pase sou kote oswa anba baryè yo lè yo desann.
- ▶ Kanpe sou ray yo.
- ▶ Pase nan wout kout arebò oswa anlè ray yo – sa se depase limit la.
- ▶ Pale nan telefòn, voye mesaj tèks oswa koute nan kas lè ou ap travèse ray yo.
- ▶ Lonje men, janm oswa nenpòt lòt pati nan kò ou depase baryè oswa kote pou kanpe a.
- ▶ Travèse ray yo lè limyè wouj ap flache.